**दिन– गुरूवार** **दिनांक–16.01.2025**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

सरकार आइ केन्द्रीय कर्मचारी आ पेंशनभोगी लोकनि कैँ लेल आठम वेतन आयोगक गठन के घोषणा कयलक अछि। केन्द्रीय सूचना आ प्रसारण मंत्री अश्विनी वैष्णव कहलनि जे सातम वेतन आयोगक कार्यकाल दू हजार छब्बीस मे समाप्त होयबला अछि आ एखन आठम वेतन आयोगक गठन सँ वेतन पैनल के सिफारिश प्राप्त करबाक लेल पर्याप्त समय भेटत। ओ कहलनि जे आयोगक अध्यक्ष आ दू सदस्यक नियुक्ति जल्दीये कयल जायत।

---

देश आइ स्टार्टअप इंडियाक नवम वर्षगांठ मना रहल अछि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी सोशल मीडिया पोस्ट पर कहलनि जे सरकार देश मे स्टार्टअपक संस्कृति के प्रोत्साहन देलक अछि। श्री मोदी कहलनि जे स्टार्ट अप इंडियाक परिवर्तनकारी पहल पछिला नओ बरख मे अनगिनत युवा सभकैँ सशक्त बनेलक अछि आ हुनकर नवोन्मेषी विचार के सफल स्टार्टअप मे बदललक अछि। श्री मोदी कहलनि जे सरकार नवाचार आ इनक्यूबेशन केन्द्र सभ के सक्रिय रूप सँ बढ़ावा दऽ रहल अछि जाहि सँ देशक युवा जोखिम उठेबा योग्य बनथि। ओ कहलनि जे स्टार्टअप इंडिया कार्यक्रमक सफलता देखबैत अछि जे आइ देश गतिशील, आत्मविश्वासी आ भविष्यक लेल तैयार अछि।

---

निर्वाचन आयोग राजनीतिक दल सभके चुनावक दरमियान प्रचारक लेल साझा कयल जायवला कृत्रिम बुद्धिमता–ए.आई जनित आओर सिंथेटिक सामग्री के प्रयोग लेबलिंग के लेल आवश्यक उपाय करबाक निर्देश देलक अछि। आयोग सभ राजनीतिक दल के प्रमुख लोकनि कैँ सलाह देलक अछि जे प्रचारक के ऑनलाइन प्रसारित विज्ञापन आ प्रचार सामग्री मे अस्वीकरण शामिल करऽ पड़तनि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार अपन प्रगति यात्राक तेसर चरण आइ खगड़िया सँ शुरू कयलनि। श्री कुमार जिलाक पांच सय करोड़ टाका सँ बेसी के कतेको विकास परियोजना सभ के उद्घाटन आ शिलान्यास कयलनि। प्रगति यात्राक तेसर चरणक दरमियान मुख्यमंत्री उनतीस जनवरी धरि नओ जिलाक दौरा करताह।

———————————————————————

जन सुराज पार्टीक संस्थापक प्रशांत किशोर आइ अपन अनशन समाप्त कऽ लेलनि। सत्तरिम बीपीएससी परीक्षा रद्द कयल जयबाक मांग के लऽकऽ पछिला चौदह दिन सँ अनशन कऽ रहल श्री किशोर समर्थकक द्वारा देल फल खा कऽ अपन अनशन खत्म कयलनि। ओ कहलनि जे बीपीएससी अभ्यर्थी के न्याय मिलबा धरि हुनकर सत्याग्रह चलैत रहत।

———————————————————————

न्यायामूर्ति के. विनोद चंद्रन आइ उच्चतम न्यायालय के न्यायाधीशक रूप मे शपथ ग्रहण कयलनि। भारतक मुख्य न्यायाधीश संजीव खन्ना जस्टिस चंद्रन कँ शपथ दिऔलनि। सुप्रीम कोर्ट कॉलेजियम के सिफारिश पर पटना उच्च न्यायालय के मुख्य न्यायाधीश जस्टिस चंद्रन कँ उच्चतम न्यायालय मे नियुक्ति के केन्द्र मंजूरी देने छल।

———————————————————————

बिहार राज्य व्यवहार न्यायालय कर्मचारी संघ के आह्वान पर प्रदेशक विभिन्न जिला सभ मे सिविल कोर्टक कर्मचारी लोकनि आइ सँ अनिश्चितकालीन हड़ताल शुरू कऽ देलक अछि। एहि क्रम मे शिवहर, बेगूसराय, शेखपुरा, पश्चिम चंपारण समेत कतेको व्यवहार न्यायालय मे कर्मी सभ काम–काज ठप कऽ धरना प्रदर्शन कयलनि। हड़तालीकर्मी वेतन विसंगति समाप्त करबाक, अनुकंपा पर नौकरी, पदोन्नति आ विशेष न्यायिक कैडर बनयबाक मांग के लऽकऽ प्रदर्शन कऽ रहल अछि। एम्हर, पटना उच्च न्यायालय सभ जिला आ सत्र न्यायाधीश कँ कोर्ट परिसर मे शांति व्यवस्था बनेने रखबाक आ न्यायिक काजक निष्पादन के लेल विशेष व्यवस्था करबाक निर्देश देलनि अछि।

———————————————————————

प्रदेशक कतेको भाग मे बढ़ैत ठंडा आ कुहेसक कारण जन–जीवन प्रभावित भेल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार अधितकम आ न्यूनतम तापमानक बीच अधिकांश स्थान पर चारि डिग्री सेल्सियस सँ कम अंतर दर्ज कयल गेल अछि। एहि कारण कनकनी बढ़ि गेल अछि। पछिला चौबीस घंटाक दरमियान आठ दशमलव एक डिग्री सेल्सियस न्यूनतम

तापमानक संग बांका राज्यक सभ सँ ठंडा स्थान रहल। ओतहि, समस्तीपुर के पूसा मे शीतदिवसक स्थिति बनल रहल। विभाग अपन पूर्वानुमान मे जनौलनि अछि जे प्रदेशक बेसीतर भाग मे अगिला दू दिन धरि एहने स्थिति बनल रहत। एहि के बाद न्यूनतम तापमान मे तीन डिग्री सेल्सियस धरि आओर कमी होयत। जाहि सँ ठंडा मे वृद्धि होयत।

———————————————————————

केरल के कोच्ची मे आयोजित राष्ट्रीय दृष्टिबाधित महिला क्रिकेट प्रतियोगिता मे बिहारक टीम चंडीगढ़ के चौंतीस रन सँ हरा देलक अछि। बिहारक प्रियंका यादव शानदार प्रदर्शन करैत सभसँ बेसी नाबाद सैंतालीस रन बनेलीह।

सहरसा जिलाक महिषी मे  अठाईस जनवरी सँ शुरू भऽ रहल उग्रतारा सांस्कृतिक महोत्सवक तैयारी के लेल बैसक कयल गेल। महोत्सव के संयोजक डॉक्टर अक्षय चौधरी ई जनतब देलनि।

शिवहर जिला मे सड़क सुरक्षा सप्ताह के लऽकऽ आइ जागरूकता रैली निकालल गेल। जिलाधिकारी विवेक रंजन मैत्रेय कहलनि जे यातायात नियम के पालन कऽ के सड़क हादसा मे कमी लाओल जा सकैत अछि।

———————————————————————

समाप्त